ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ ҚАРАРЫ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ЖЎҚОРҒИ КЕНГЕСИ ПРЕЗИДИУМИНИНГ ҚАРОРИ

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 22-декабрьдеги №555-санлы қарарына өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында

2022-жылда жергиликли бюджет прогнозларының орынланыўының турақлылығын ҳәм дәраматларының асырылыўын тәмийинлеў мақсетинде қала ҳәм районлар бойынша аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын жер салығы ставкаларына кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерди қоллаўда қайта көрип шығыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги ҳәм Мәмлекетлик салық басқармасының усынысларын инабатқа алып, Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 429, 437-статьяларына ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 8-статьясы 19-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумы

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Қала ҳәм районлар бойынша аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын бирден-бир муғдарларда белгиленген базалық салық ставкаларына коэффициентлерди қолланыў бойынша қабыл етилган қарарларды минимал коэффициентлерди қоллаған ҳалда қайта көрип шығыў бойынша Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2022-жыл 24-январьдағы №06/04-02-02-32/203-санлы хаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 429 ҳәм 437-статьяларына муўапық 2022-жылы аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын жер салығының 2021-жылдағы базалық ставкасын физикалық тәреплер ушын 1,06 коэффициентке, юридикалық тәреплер ушын 1,07 коэффициентке индексациялаў, сондай-ақ қала ҳәм районлар кесиминде *(физикалық ҳәм юридикалық тәреплер ушын)* олардың экономикалық раўажланыўына қарап жер салығы ставкасына коэффициентлерин қолланыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги ҳәм Мәмлекетлик салық басқармасының усынысларымақуллансын.

3. Усы қарардың 1 ҳәм 2-қосымшаларына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 22-декабрьдеги «Қала ҳәм районлар бойынша аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын бирден-бир муғдарларда белгиленген базалық салық ставкаларына киргизилип атырған кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерди қолланыў ҳаққында»ғы №555-санлы қарарының 1 ҳәм 2-қосымшаларына тийисли өзгерислер киргизилсин.

4. Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслерине:

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен 2022-жыл ушын белгиленген жер салығы ставкаларына қала, район аймақларындағы аўыллар, массивлер, мәҳәллелер ҳәм көшелер кесиминде 0,7 ден 3,0 ке шекем кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерди қолланыў бойынша қабыл етилген қарарларын қайта көрип шығыў тапсырылсын.

5. Усы қарар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезектеги сессиясына тастыйықлаў ушын усынылсын.

6. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қ.Сариевқа ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының орынбасары А.Давлетовқа жүкленсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы **М.Камалов**

Нөкис қаласы 25-февраль 2022-жыл
№ 605

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президумының
2022-жыл 25-февральдағы
605-санлы қарарына
1-қосымша

2022-жыл қала ҳәм районларда аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын **юридикалық тәреплер** бойынша бирден-бир муғдарда **1 гектар ушын** белгиленген базалық салық ставкасы ҳәм қолланылатуғын кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери

мың сўмда

№	Қала ҳәм районлар	Коэффициент муғдары	2022-жыл ушын жер салығы ставкасы
1.	Нөкис қаласы	1,00	28000,0
2.	Әмиўдәрья районы	0,71	19880,0
3.	Беруний районы	0,81	22680,0
4.	Бозатаў районы	0,57	15960,0
5.	Кегейли районы	0,64	17920,0
6.	Қанлыкөл районы	0,57	15960,0
7.	Қараөзек районы	0,57	15960,0
8.	Қоңырат районы	0,73	20440,0
9.	Мойнақ районы	0,57	15960,0
10.	Нөкис районы	0,64	17920,0
11.	Тақыятас районы	0,81	22680,0
12.	Тахтакөпир районы	0,57	15960,0
13.	Төрткүл районы	0,78	21840,0
14.	Хожели районы	0,85	23800,0
15.	Шоманай районы	0,57	15960,0
16.	Шымбай районы	0,73	20440,0
17.	Елликқала районы	0,71	19880,0

Қосымша: Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен юридикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасын аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары ҳәмде көшелер кесиминде олардың экономикалық жақтан раўажланыўына қарап, 0,7 ден 3,0 ке шекемги кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерин белгилейди.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президумының
2022-жыл 25-февральдағы
605-санлы қарарына
2-қосымша

2022-жыл қала ҳәм районларда аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын **физикалық тәреплер** бойынша бирден-бир муғдарда **1 кв.метр ушын** белгиленген базалық салық ставкасы ҳәм қолланылатуғын кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери

сўмда

№	Қала ҳәм районлар	Коэффициент муғдары	2022-жыл ушын жер салығы ставкасы
1.	Нөкис қаласы	1,00	260,0
2.	Әмиўдәрья районы	0,73	189,0
3.	Беруний районы	0,73	189,0
4.	Бозатаў районы	0,50	130,0
5.	Кегейли районы	0,53	138,0
6.	Қанлыкөл районы	0,50	130,0
7.	Қараөзек районы	0,50	130,0
8.	Қоңырат районы	0,67	173,0
9.	Мойнақ районы	0,50	130,0
10.	Нөкис районы	0,53	138,0
11.	Тақыятас районы	0,68	178,0
12.	Тахтакөпир районы	0,50	130,0
13.	Төрткүл районы	0,73	189,0
14.	Хожели районы	0,73	189,0
15.	Шоманай районы	0,50	130,0
16.	Шымбай районы	0,61	158,0
17.	Елликқала районы	0,69	180,0

Қосымша: Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен физикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасын аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары көшелер ҳәм массивлер кесиминде экономикалық жақтан раўажланыўына қарап 0,7 ден 3,0 ке шекемги кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлерин белгилейди.